


## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik kudu nataharkeun sagala rupa kaperluan pikeun kalancaran prosés panalungtikan. Ku kituna, dina ngalaksanakeun panalungtikan diperlukeun hiji desain, sangkan dina prak-prakanana lumangsung sacara sistematis.

Desain panalungtikan téh nya éta mangrupa gambaran ngeunaan raraga panalungtikan. Desain panalungtikan anu digunakeun nya éta:

#### Desain Panalungtikan



Bagan 3.1

### 3.2 Méthode Panalungtikan

Kecap métode mangrupa kecap serepan ti basa deungeun, nya éta basa Latén. Éta istilah téh asal kecapna tina *methodos* (meta: nyungsi, ngaliwatan, nurutan, atawa sanggeusna, jeung *hodos*: jalan, cara, atawa arah). Sacara umum métode dina panalungtikan dihartikeun minangka cara ilmiah pikeun meunangkeun data jeung tujuan sarta gunana nu tangtu. Disebut cara ilmiah téh hartina kagiatan panalungtikan didadasaran ku ciri-ciri paélmuan, saperti rasional, empiris, jeung sistematis. Rasional hartina kagiatan panalungtikan dilakukeun ku cara-cara anu kaharti ku akal sangkan kahontal ku logika manusa. Émpiris hartina cara-cara anu dilakukeun téh bisa ditalungtik ku panca indra manusa. Sistematis hartina prosés anu digunakeun dina panalungtikan téh ngagunakeun léngkah-léngkah nu tangtu nu sipatna logis. Data anu dicangking ngaliwatan panalungtikan nya éta data anu émpiris nu mibanda kritéria anu tangtu nya éta *valid*. Dumasar éta hal, métode panalungtikan bisa dihartikeun minangka cara ilmiah pikeun nyangking data anu *valid* sangkan bisa ditimukeun, dimekarkeun, jeung dibuktikeun, hiji pangaweruh nu tangtu sangkan dina waktuna bisa dipaké pikeun mahaman, ngaréngsékeun, jeung nyingkahan pasualan (Sugiyono, 2012:6). Dina raraga panalungtikan, saban panalungtik merlukeun métode pikeun ngahontal tujuan panalungtikanana. Ku kituna, métode anu digunakeun kudu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikanana.

Dina ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun neuleuman tur ngadadarkeun unsur intrinsik anu diwatesanan saukur téma, galur, tokoh katut *penokohan*, latar carita, jeung unsur ékstrinsik, ajén moral anu aya dina novelét, psikologi perkembangan rumaja dina hal psikososalna, jeung luyu henteuna ieu panalungtikan pikeun bahan pangajaran nyarita kelas IX di SMP. Ditilik tina wangun jeung sipatna, métode anu dianggap loyog pikeun digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptif, hartina data didadarkeun ngaliwatan kekecapan atawa gambar-gambar, lain dina wangun angka-angka (Semi, 1990:24). Tétéla dina ieu panalungtikan mah teu maké angka-angka anu kawengku ku wangun statistik. Dina prak-prakanana, métode

déskriptif téh henteu ukur ngumpulkeun jeung nyusun data wungkul, tapi dibarung ku analisa jeung interprétasi ngeunaan harti tina data (téks). Ku lantaran kitu, ieu métode sok disebut ogé métode analitik. Ratna (dina Meiwindra, 2011:57), nétélakeun yén métode déskriptif analitik téh nya éta salah sahiji métode panalungtikan anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu aya dina téks, nu ditéma ku cara ngaanalisis atawa ngainterprétasi éta fakta.

### 3.3 Wangenan Operasional

- 1) Ajén nya éta gambaran ngeunaan naon anu dipikahayang, anu pantes, miboga harga, jeung bisa mangaruhan paripolah sosial tina jalma anu miboga éta ajén.
- 2) Moral nya éta pangajaran hadé jeung goréngna ngeunaan kalakuan (ahlak).
- 3) Psikologi Perkembangan Rumaja nya éta cabang tina psikologi perkembangan anu nalungtik perkembangan paripolah rumaja boh sacara fisik boh sacara mental jeung kognitifna.
- 4) Novelét nya éta wangun karya sastra Sunda mangrupa prosa anu panjangna antara novel jeung carpon tapi wengkuanana leuwih jembar tibatan carpon, saperti dina plot, téma jeung unsur-unsur séjénna.
- 5) Nyarita nya éta kamampuh ngucapkeun sora-sora artikulasi pikeun ngungkarakeun, nepikeun pikiran, gagasan, jeung perasaan.
- 6) Bahan pangajaran nyarita nya éta matéri pembelajaran anu sacara umum ngawengku pangaweruh, kaparigelan, sikep, nu kudu diteuleuman ku siswa dina raraga ngahontal standar kompetensi anu geus ditangtukeun.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén digunakeun pikeun pakakas panalungtikan atawa pakakas ngumpulkeun data. Arikunto (2010:136) méré pamadegan yén anu disebut instrumén panalungtikan téh nya éta pakakas atawa fasilitas anu digunakeun panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang, tur hasilna leuwih alus, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung ngéntép seureuh. Dina ieu

panalungtikan ngagunakeun tilu instrumén, nya éta kartu data, padoman wawancara, jeung kaméra digital.

### 3.4.1 Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun nimukeun data-data anu aya dina téks, jadi sumber data téh leuwih gampang diwilah-wilahna.

#### Conto Kartu Data

- |  |
|--|
| 1. No .....                                |
| 2. Ajén moral/psikologi perkembangan ..... |
| 3. Cutatan carita .....                    |
| 4. Kaca .....                              |

### 3.4.2 Kaméra Digital

Kaméra digital mangrupa pakakas anu digunakeun pikeun ngadokumentasikeun informasi-informasi salila prosés ngawawancara narasumber. Narasumber di dieu nya éta pangarang anu karyana jadi objék panalungtikan. Jadi, panalungtik teu kudu nyalin deui kana wangun tinulis informasi anu ditepikeun ku narasumber.

### 3.4.3 Padoman Wawancara

Dina prak-prakanana wawancara, saméméhna panalungtik kudu miboga padoman wawancara sangkan dina prosésna lumangsung kalayan lancar. Padoman dina ieu panalungtikan nya éta:

#### I. Data Narasumber

Jenengan :

Yuswa :

Atikan :

Pakasaban :

#### II. Daptar Patalékan

1. Naon anu jadi inspirasi dina nulis carita ngeunaan rumaja?

2. Saupama ditilik tina eusi carita, naha teu pati midangkeun kahirupan rumaja anu sababaraha palakuna sakola di sakola anu *islami*?

3. Ditilik tina sampul hareupna, naha éta téh mangrupa réprésentasi rumaja anu ideal?
4. Kumaha kahirupan rumaja nalika ieu karya dikarang?
5. Kumaha kaayaan sosial nalika ieu karya dikarang?
6. Naon bédana kahirupan rumaja anu dicaritakeun dina novelét jeung kahirupan rumaja kiwari?
7. Kumaha sawangan ibu patali jeung moral anu hadé, anu kudu dipibanda ku pararumaja?

### 3.5 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010:172), sumber data nya éta subjék ti mana data bisa dimeunangkeun. Sumber data diklasifikasi jadi tilu bagian, nya éta:

- 1) *Person*, nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan, ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- 2) *Place*, nya éta sumber data anu méré titingalian mangrupa kaayaan cicing (ruangan, kalengkepan pakakas, jsb), jeung anu gerak (kagiatan gawé, kagiatan diajar, jsb).
- 3) *Paper*, nya éta sumber data anu midangkeun tanda-tanda mangrupa aksara, angka, gambar, atawa simbol liana.

Dina ieu panalungtikan, anu dijadikeun sumber data anu mangrupa *paper* nya éta novelét *Jamparing*. Sedengkeun anu jadi sumber data mangrupa *person* nya éta pangarang novelét *Jamparing*.



### 3.5.1 Déskripsi Novelét



Novelét *Jamparing* mangrupa novelét katilu karya Chyé Rétyy Isnéndés anu medal taun 2012. Katitén tina sampul hareup bukuna aya gambar lima wanoja maraké saragam sakola SMP. Unggal wanoja miboga ciri anu béda, utamana katingali tina ciri fisikna. Aya Érinawati anu buukna panjang saimbit, Élis anu buukna galing jeung awakna pendék, Lina anu jangkung leutik, Éla anu rarayna buleud, jeung Citra anu buukna satonggong jeung awakna jangkung begang. Éta kalima wanoja téh babaladan maké ngaran Jamparing (Jamparing Cinta lengkepna), nyapertikeun simbul gambar jamparing anu ngabelesat. Saetikna bisa katebak kumaha eusi caritana dititén tina sampul bukuna, moal jauh tina *dinamika* jeung pasualan rumaja.

Novelét pedalan Wisata Literasi ieu téh kandelna 44 kaca, pantes saupama kaasup novelét anu sakali maca bisa réngsé. Dina sampul tukangna, pamedal némbongkeun foto pangarang jeung nyieun ringkesan eusi novelétna. Nu diringkesna téh nya éta konflik antara géng “Jamparing” ti SMP Muhammadiyah jeung géng “Bangbara” ti SMP Negri. Anu jadi mimiti papaséanana téh tina hal nu teu pira, pédah sok pahina-hina sakola. Pernahna

Indah Purnama Cahyani, 2013

AJÉN MORAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN RUMAJA DINA NOVELÉT JAMPARING KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NYARITA DI SMP KELAS IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

SMP Muhammadiyah anu dilingkung ku sawah sok dipoyokan ku sora bangkong. Kitu deui, pernahna SMP Negri téh deukeut pisan jeung peternakan hayam, sok disebut ku sora hayam pepetok. Antukna, dua géng éta téh baris tepung di tegalan Ciganas minangka lajuning laku tina tantangan.

### 3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Chyé Rétty Isnéndés, pituin urang Nagrak-Sukabumi. Lahir ping 02 Désémber 1972. TK, SD, Madrasah, SMP, jeung SMA-na di Sukabumi. Taun 1993 kuliah S1 di IKIP Bandung, lulus taun 1998. Taun 2002 nuluykeun kuliah S2 di UGM, lulus taun 2004. Taun 2010 nuluykeun deui kuliah S3 di UPI. Taun 2011 kungsi mukim tilu bulan di Walanda lantaran meunang béasiswa Sandwich-Like KTL pikeun risét keputakaan disertasina.

Mimiti resep nulis sajak ti SD kénéh (dina basa Indonésia), di SMP mimiti nulis sajak dina basa Sunda. Taun 1994 sajak jeung carponna mimiti dipublikasikeun dina *Manglé*. Satuluyna tulisan-tulisanana (utamana sajak-puisi) dimuat dina *Turus*, *Galura*, *Kujang*, *Cupumanik*, *Pikiran Rakyat*, *Bandung Pos*, jeung *Galamédia*. Nepi ka kiwari, nulis 200-an sajak, 75-an carpon, jeung tilu novelét. Novelét anu kahiji dikarang taun 1996, judulna “Gupay Tineung Gupay Ludeung”. Nu kadua, “Handeuleum ‘na Haté Beureum”, dikarang taun 1998. Nu katilu nya éta novelét “Jamparing” anu medal taun 2012.

Sanajan karyana leuwih loba anu mangrupa sajak, tapi dina nyieun karya anu mangrupa novelét ogé aya punjulna. Utamana dina novelét anu katilu, nya éta novelét *Jamparing* anu medal dina taun 2012. Dua novelét deui mah teu kungsi dibukukeun, mung jadi carita nyambung dina majalah *Manglé*.

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Suyatna (2002:18), téhnik panalungtikan nya éta mangrupa salasahiji tarékah atawa cara nu kudu dilakukeun dina métode nu tangtu,

Indah Purnama Cahyani, 2013

AJÉN MORAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN RUMAJA DINA NOVELÉT JAMPARING KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NYARITA DI SMP KELAS IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sangkan tujuan anu dituju dina hiji panalungtikan bisa kahontal. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, jeung téhnik wawancara.

### 1. Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka mangrupa cara pikeun nyangking tiori-tiori anu aya patalina jeung hal anu keur ditalungtik. Dina ieu talaah diperlukeun babanding atawa cecekelan dina ngalakukeun panalungtikan. Ieu studi pustaka bisa dilakukeun ku cara ngumpulkeun data-data nu sumberna ti pabukon nu mangrupa buku-buku, dokumén-dokumén, jeung sajabana pikeun dijadikeun pangdeudeul dina nyusun laporan.

Aya tilu kritéria dina studi pustaka (Sugiyono, 2012:398), nya éta *relevansi* (tiori nu digunakeun saluyu jeung masalah nu keur ditalungtik), *kemutakhiran* (tiori atawa référénsi anu digunakeun nya éta nu masih anyar), jeung kaaslian (sumber nu asli).

### 2. Téhnik Wawancara

Wawancara digunakeun minangka téhnik ngumpulkeun data lamun panalungtik hayang nyaho leuwih jero informasi ti réspodén. Ieu téhnik dumasar kana laporan ngeunaan diri sorangan (*self-report*), atau pangaweruh jeung kayakinan pribadi.

Wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta wawancara semiterstruktur. Dina lumangsungna ieu wawancara dilakukeun sacara leuwih bébas upama dibandingkeun jeung wawancara terstruktur. Réspodén dibéré patalékan anu geus disiapkeun, tapi lamun aya sawangan séjén saluareun patalékan bisa ditepikeun, asal masih aya patalina jeung pasualan utama. Tujuan dilaksanakeunana ieu wawancara nya éta sangkan bisa nimukeun data atawa informasi anu leuwih jero deui sarta narasumber bisa dipénta sawangan jeung ide-idenana, utamana ngeunaan hal-hal anu patalina jeung pangarang sacara teu langsung dina hasil karya fiksi.



### 3.7 Analisis Data

Data anu geus kakumpul tuluy dianalisis sangkan ngahasilkeun kacindekan tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

Nurutkeun Bogdan (Sugiyono, 2012:334), analisis data nya éta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data anu dicangking tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung dokumentasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana kategori, ngadadarkeun kana unit-unit, ngalakukeun *sintésa*, nyusun kana pola, milih mana nu penting jeung anu bakal diulik, jeung nyieun kacindekan sangkan gampang dipahaman ku sorangan atawa ku nu lian.

Dina tahap analisis data, anu jadi puseur garapanana nya éta:

- 1) Neuleuman data-data.
- 2) Ngawilah-wilah data.
- 3) Nyirian data anu nuduhkeun déskripsi ngeunaan ajén moral jeung psikologi perkembangan rumaja.
- 4) Ngadéskripsikeun data anu geus dianalisis.
- 5) Ngaimplikasikeun hasil analisis data kana pangajaran nyarita ku cara dijieun ringkesan novelét
- 6) Nyusun silabus jeung RPP dumasar kana SK-KD.
- 7) Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.